

## Kisa WIDA Alternate Screener ye?

WIDA Alternate Screener se yon tès kreyon ak papye ki ede pwofesè yo idantifye si elèv ki genyen pi gwo andikap koyitif yo ki nan klas K-12 ki se elèv Anglè yo. Yon elèv Anglè se yon elèv ke yo fòmèlman idantifye kòm yon elèv ki bezwen sipò lang pou reyisi patisipe nan kontni akademik la an Anglè.

### Poukisa Timoun Mwen An Ap pase WIDA Alternate Screener?

Ou te fè yon sondaj epi te reponn kesyon sou lang ou itilize lakay la. Selon repons ou yo, pwofesè timoun ou an panse ke timoun ou an kapab yon elèv Anglè. Timoun ou an pral pase WIDA Alternate Screener pou konfime ke li se yon elèv Anglè.

### Ki Jan Yo Itilize Rezilta WIDA Alternate Screener Yo?

Pwofesè timoun ou an itilize rezilta tès WIDA Alternate Screener yo pou ede decide sou si timoun ou an se yon elèv Anglè.

### Konbyen Tan Tès WIDA Alternate Screener La Pran?

Tès la poukont li ta dwe pran mwens pase 30 minit pou fè l, byenke tan tès la kapab diferan selon bezwen elèv endividyèl la. Genyen yon total nèf kesyon ki repati sou kat domèn lang (Ekout, Lekti, Ekspresyon Oral, Ekriti).



## Prepare pou WIDA Alternate Screener

- Pwofesè timoun ou an kapab poze w kesyon sou metòd kominikasyon prefere timoun ou an ak lang ki pale lakay la.
- Timoun ou an pa bezwen etidye pou WIDA Alternate Screener.
- Pale ak pwofesè timoun ou an sou ki lè ou pral resevwa rezilta tès yo ak fason lekòl timoun ou an itilize rezilta sa yo.

## Si Timoun Ou An Se yon Elèv Anglè, Men Kèk Kesyon Ou Ka Poze Pwofesè Yo

- Kijan pitit mwen an ka benefisye alafwa sèvis lang ak sèvis edikasyon espesyal yo?
- Ki jan ou ka enkli lang ak kilti timoun yo nan lekòl la?
- Ki jan fanmi m ka soutni devlopman lang timoun nou an lakay la?
- Ki lè timoun mwen an pral sispann resevwa sipò nan lang Anglè?

